



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SANT LWAZI FAMILYAL ANDEDAN YO KA OUVRI
26 MAS, PAK AMIZMAN DEYÒ YO KA OUVRI 9 AVRIL EPI KAN YO KA KÒMANSE
PLANIFYE POU OUVRI AN ETE**

***Limit kapasite 25 pousan pou sant lwazi familyal andedan ak plas amizman yo;
limit kapasite 33 pousan pou pak amizman deyò yo***

***Tout etablisman yo dwe soumèt plan reouvèti yo ak pwotokòl sante yo bay
Depatman Sante Lokal la***

***Kouvèti vizaj ak distans sosyal obligatwa pou kliyan ak anplwaye yo; Depistaj
sante ak kontwòl tanperati obligatwa pou tout kliyan yo anvan yo antre***

***Kan dete lajounen ak lannwit yo ka kòmanse planifye pou reouvri; Depatman
Sante an ap pibliye enstriksyon nan semèn k ap vini yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sant lwazi familyal andedan ak sit amizman yo ka ouvri ak yon limit kapasite 25 pousan apati vandredi 26 mas. Pak amizman deyò yo ka ouvri ak yon limit kapasite 33 pousan apati vandredi 9 avril. Tout etablisman yo dwe soumèt plan reouvèti ak pwotokòl sante yo bay depatman sante lokal la. Kouvèti vizaj ak distans sosyal ap obligatwa pou tout kliyan ak anplwaye, epi y ap egziye kliyan yo fè yon depistaj sante ak kontwòl tanperati anvan yo antre. Anplis, kan dete lajounen ak lannwit yo nan Eta New York ka kòmanse planifye pou reouvri. Depatman Sante a (Department of Health) ap pibliye enstriksyon pou reouvèti ki presi, ki enkli detay sou orè, nan semèn k ap vini yo.

"Nan New York, nou baze desizyon nou yo sou lasyans ak done epi nou ajiste jan viris la ajiste," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak diminisyon kontini to enfeksyon ak ospitalizasyon yo, nou te an mezi pou franchi etap pou kòmanse rekiperasyon apre COVID nou e nou kontan pou nou nan plas kote nou ka retounen ak sektè lwazi nou an kounye a ak pwotokòl sekirite yo anplas. Jan nou te di anpil fwa, siksè nou se aksyon nou k ap defini li toutotan nou rete ini epi kenbe elan sa pou ale nan yon direksyon ki pozitif, n ap kapab wè deplizanpli sektè nan ekonomi nou an reouvri."

Anplis kouvèti vizaj yo, distans sosyal ak depistaj sante obligatwa, tout sant lwazi familyal andedan ak sit amizman, ak pak amizman deyò yo dwe swiv enstriksyon ki anba yo:

- Yo dwe pran enfòmasyon pou kontakte chak pati pou enfòm ke yo retrace yo, si li nesèsè;
- Kote moun touche anpil, atraksyon, ak pakou yo dwe netwaye epi dezenfekte souvan pandan jounen an;
- Atraksyon yo dwe fèmen si yo pa ka asire distans sosyal epi netwaye / dezenfekte yo souvan;
- Yo dwe deplwaye anplwaye ki sifizan pou fè aplike konfòmite ak règleman yo, ki enkli kapasite, distans sosyal ak kouvèti vizaj;
- Yo dwe vann tikè yo alavans, epi delè pou antre / soti ak atant yo ta dwe dekalè pou evite konjesyon;
- Espas andedan yo dwe reponn ak nòm amelyore pou filtrasyon lè, vantilasyon ak pirifikasyon;
- Sèvis vant manje an detay, ak aktivite rekreyatif yo dwe respekte tout enstriksyon Eta a pibliye.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)